

# **Sa Nou Fè**

Konsèy Nasional Relasyon Travay se yon ajans federal endependan ki gen pouvwa pou pwoteje dwa anplwaye yo pou yo antre nan sendika epi pou detèmine si pou gen sendika kòm reprezantan yo nan negosyasyon. Ajans lan aji tou pou evite ak korije pratik travay enjis patwon ak sendika sektè prive a.

---

## **Dewoulman Eleksyon**

Si ou vle fòm yon sendika oswa si ou vle antre nan youn, oswa si ou vle anile akreditasyon yon sendika ki la deja, ou ka fè [petisyon pou gen eleksyon](#). Tanpri kontakte yon fonksyonè ki responsab enfòmasyon yo nan [Biwo Rejyonal](#) ki pi pre ou pou jwenn asistans.

## **Ankèt sou Akizasyon yo**

Si ou kwè yo te vyole dwa ou anba NLRA, ou ka depoze yon akizasyon kont patwon an oswa yon òganizasyon travay. Ou kapab jwenn fòm pou mete akizasyon an [la a](#). Tanpri kontakte yon fonksyonè ki responsab enfòmasyon yo nan [Biwo Rejyonal](#) ki pi pre ou pou jwenn asistans.

## **Fasilité aranjman yo**

NLRB ankouraje moun ki konsène yo pou rezoud afè yo nan aranjman olye nan litij kèlkeswa lè li posib. Konsa, plis pase 90% ka pratik travay enjis ki gen merit rezoud avèk aranjman nan yon pwen nan pwosesis la, swa avèk aranjman Konsèy la oswa yon aranjman prive. Akò avèk Konsèy la pou jwenn Aranjman

## **Deside sou Afè yo**

Lè plent direktè rejyonal yo emèt pou Pratik Travay Enjis pa mennen nan aranjman, anjeneral yo lakòz gen yon odyans devan yon Jij Lwa Administratif. Tankou nan nenpòt pwosedi tribinal, toulède moun ki konsène yo ap prepare agiman yo epi y ap prezante prèv, temwen yo ak espè yo.

## **Ranfòse Lòd yo**

Nan revizyon afè yo, Tribunal Sikui yo evalye baz reyèl ak legal pou Lòd Konsèy la epi y ap pran yon desizyon, apre prezantasyon eleman yo ak pledwari aloral, si pou yo antre yon dekrè jidisyè pou egzije respè Lòd la. Tribunal la ka bay yon Lòd tou sou baz moun konsène ki reponn nan p at opoze oswa pa t gen baz legal pou opoze aksyon Konsèy la.